

Унагъуэ хуэмыщIахэм ядоIэпыкъу

2-нэ нап.



Гъатхэм и пшыхь

2-нэ нап.



«Махуэку»

3-нэ нап.



Зыпэмыплъа хьэщIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№60 (24.342) ● 2022 гъэм майм (накъыгъэм) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Пшынэр и Iэпэгъущ



4-нэ нап.

## Иужьрей уэзджынэм и махуэм теухуа хъуэхъу

ПщIэ зыхуэсщI ныбжьыщIэхэ!

Нобэрей махуэр фи гъащIэм къыхэхуэну Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъ гукъинэхэм, псэр зыгъэпIейтейхэм, мащIэуи узыгъэнэщхъейхэм халъытэ. Фэр папщIэ нобэ къоуэ Иужьрей уэзджынэр.

А махуэм фэ, дауи, гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI фIыщIэ ин яхувощI блэкIа илъэсхэм къывбгъэдэта, гъэсэныгъэ къыфхэзылъхьа, щIэныгъэм и дуней телъыджэм и бжэхэр хуиту къыфхузэIузыха фи унэтIакIуэ Iэзэхэм, егъэджакIуэ гумызагъэхэм. А псоми ящIыгъуу а цIыху гуащIафIэхэр фэ къывдэгуэшащ я псэ хуабагъэм щыщ Iыхьэ кIэ, къывахьэлIащ я чэнджэщ Iущхэр, псалъэкIи IуэхукIи къывдаIыгъащ фи жэрдэм дахэхэр.

Фэ къыфпэщылъщ къэрал къэпщытэныгъэхэр, фызыхуеджэну IэщIагъэмрэ фи гъащIэ гъуэгумрэ убзыхуныр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ щIэныгъэфI зиIэ IэщIагъэлI къыфхэкIыным, фIыуэ флъагъу IэщIагъэм ффIэфIу фрилэжьэным, вбгъэдэлъ зэфIэкIыр абы нэсу къыщывгъэлъэгъуэным. Иджырей Урысей Федерацэр зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iэмал куэд здэщыIэ къэралщи, ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрывгъэхьэфынущ. Фи къарумрэ зэфIэкIымрэ вгъэунэху, фытегушхуэ, жыджэрагъ зыхэвгъэлъ.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Иужьрей уэзджынэм и махуэшхуэмкIэ. Узыншагъэ быдэ, фIэщхъуныгъэ фиIэну, насып куурэ текIуэныгъэшхуэхэмрэ гъащIэм къыщывэуэлIэну си гуапэщ.

ЕхъулIэныгъэ фиIэну, ныбжьыщIэхэ! Гъуэгу махуэ!

*КъБР-м и Iэтащхьэ*
**КIУЭКIУЭ Казбек.**



*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ*



## Езым я гъащIэ гъуэгум тоувэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм дыгъуасэ иужьрей уэзджынэхэр къыщеуащ. Мы гъэм республикэм и еджапIэхэм я епщыкIузанэ, ебгъуанэ классхэм щIалэрэ хъыджэбзу мин пщыкIутIрэ ныкъуэм щIигъу къыщIокI.**

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а махуэм Прохладнэ районым щыщ Солдатскэ станицэм и школым щыIащ икIи абы къыщIэкIхэм иужьрей уэзджынэмкIэ ехъуэхъуащ. ГуфIэгъуэ дауэдапщэм кърихьэлIащ Прохладнэ районым и муниципальнэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм я лэжьакIуэхэр, жылагъуэ лIыкIуэхэр, адэ-анэхэр, школыр къэзыух ныбжьыщIэхэр.

«Фэ фщыщ дэтхэнэми езым и гъуэгу тэмэмыр къыхихынущ, пщIэ зиIэ цIыху, ди къэралым и цIыху нэс хъунущ, - захуигъэзащ КIуэкIуэ Казбек школакIуэхэм. - Ди къэралым иджыпсту къаруушхуэ ирехьэлIэ щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр къагъэсэбэпынымкIэ Iэмалхэр зэтегъэувэным хуэгъэзауэ. Шэч къытесхьэркъым фэ фщыщ дэтхэнэми езыр зыхуеину IэщIагъэ зэрызригъэгъуэтынум икIи ар нэгъэсауэ къызэрыхуэщхьэпэнум. Ди егъэджакIуэхэм щIыхь зыпылъ лэжьыгъэ ирахьэкI, щIалэгъуалэм щIэныгъэ зэрыратым къыдэкIуэу, абыхэм къэкIуэну зэманым хуэфэщэн щIэблэ ягъасэ икIи абы папщIэ а лэжьакIуэ емызэшыжхэм дэ фIыщIэ ин яхудощI. Адэ-анэхэм сохъуэхъу я бынхэм я нэсып ялъагъуну, щIэблэм ахэр куэдрэ ягъэгушхуэну».

Мы гъэм Солдатскэ станицэм и школым и 11-нэ классым еджакIуэ 19, 9-нэ классым еджакIуэ 56-рэ къыщIокI. Япэ классыр дызэрыт гъэ еджэгъуэм сабий 94-м къаухащ.

А еджапIэр «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу 2021 гъэм къызэIуахащ. IуэхущIапIэр зыхуеину иджырей Iэмэпсымэ псомкIи къызэгъэпэщащ. Абы хэтщ щеджэ пэшхэр, лабораторэхэр, библиотекэ, методикэ кабинетхэр, медицинэ центр, шхапIэ, спорт зал. Школ пщIантIэм алэрыбгъукIэ къищIыкIа футбол, волейбол, баскетбол джэгупIэхэр щащIащ.

Школым щIэс псори зы сменэу йоджэ. Абыхэм щIэныгъэ гуэдзэн зрагъэгъуэт, спорт секцэхэм зыщагъасэ, я творческэ зэфIэкIхэм гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм зыщрагъэужь. Солдатскэ станицэм дэт школыр школакIуэхэм я Урысейпсо олимпиадэм и муниципальнэ Iыхьэр къыщызэрагъэпэщ, район зэпеуэхэмрэ спорт зэхьэзэхуэхэмрэ щрагъэкIуэкI утыкуу зэтоувэ.

## Урысейм и хьэрычэтыщIэхэм я махуэмкIэ КIуэкIуэ Казбек зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Фи махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Республикэм и хьэрычэтыщIэхэр ди экономикэр зыгъэкIуатэ къарущ, абыхэм лэжьапIэ IэнатIэхэр къызэрагъэпэщ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным я гуащIэ халъхьэ. ФIыщIэ щхьэхуэ фхуэфащэщ псапэ зыпылъ, псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа нэгъуэщI Iуэхухэми жыджэру фызэрыхэтым папщIэ.

Иужьрей илъэсхэм къэралми щIыналъэхэми куэд щалэжь хьэрычэтыщIэ Iуэхум зегъэужьыным, абыхэм я Iуэхур ядэзыгъэпсынщIэн щытыкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ. Урысейм къыпагъэува экономикэ санкцэхэм нобэ къэралыр гугъуехь хигъэтми, ди Президент Путин Владимир хьэрычэт Iуэхум зезыгъэужьын Iэмалхэр къыхилъхьащ.

ХьэрычэтыщIэхэр лъэпощхьэпо ямыIэу я Iуэхум пэрытын папщIэ республикэми куэд щалэжь. Дауи, ди хьэрычэтыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэр куэдкIэ елъытащ езыхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм, щIэуэ къэунэху технологием зэрыхуэхьэзырым, цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэхэм зэрыхащIыкIым, хамэ къэрал кърашхэр ди къэралым къыщыщIагъэкIхэмкIэ зэхъуэкIыным теухуауэ яIэ зэфIэкIым.

Си фIэщ мэхъу фи щIэныгъэр, Iуэху зехьэкIэр, къарур дяпэкIи Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыхуэщхьэпэнур, дызэщIыгъумэ, зэманым къигъэув лъэпощхьэпохэм дазэрыпэлъэщынур.

Сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, лэжьыгъэкIэ ехъулIэныгъэ фиIэну, фIым я фIыжым фыщымыщIэну!



## Лэжьыгъэ Iуэхухэр къызэрызэгъэпэщыпхъэр

**КIуэкIуэ Казбек видеозэпыщIэныгъэкIэ хэтащ КИФЩI-м дэфтэрым имыту ягъэлажьэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щыщIынымрэ лэжьыгъэ Iуэхухэр хабзэм тету къыщызэгъэпэщынымкIэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт комиссэм и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мухтияровэ Еленэ**, УФ-м и генеральнэ прокурорым и къуэдзэ **Кикоть Андрей**, Урысейм и МВД-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и IуэхухэмкIэ и управленэ нэхъыщхьэми унафэщI **Бачурин Сергей**, щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр. Абы щытепсэлъыхьащ 2021 гъэмрэ 2022 гъэм и япэ мазищымрэ социально-экономикэ IуэхухэмкIэ зыхунэсахэр.

Кавказ Ищхъэрэм и промышленнэ, мэкъумэш, ухуэныгъэ IэнатIэхэм къыщIагъэкIым хэхъуэ нэгъабэ зэриIар, апхуэдэуи нэхъыбэ хъуащ школхэмрэ балигъ ныбжьым нэмысахэм ятещIыхьа IуэхущIапIэхэмрэ щIэхуэм я бжыгъэр зэIущIэм къыщыхагъэщащ. Сату Iуэхури йофIакIуэ. Абыхэм къагъэлъагъуэ пандемием и Iэужьу щыIа лъэпощхьэпохэр къызэрызэднэкIыр.

КъищынэмыщIауэ, хэхъуэ къэзыт IуэхущIапIэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и зыужьыныгъэм мылъку халъхьэну хуейуэ гупыж зыщIхэмрэ я бжыгъэр нэхъыбэ хъуащ.

ЗэIущIэм гулъытэ щыхуащIащ лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIухыным, коронавирусым зиубгъун щIимыдзэ щIыкIэ IэнатIэ Iутахэм я бжыгъэм хуэдиз хъужыным щхьэпа Iуэхугъуэхэм.

Чайкэ Юрий къыхигъэщащ къалэн нэхъыщхьэр лэжьыгъэ Iуэхухэр хабзэм тету къызэгъэпэщыныр зэрыарар. Нэхъ ипэкIэ щIыналъэхэм щаубзыхуауэ щытащ «гъэпщкIуауэ» лажьэхэм зэрыпэщIэтыну Iуэхугъуэ пыухыкIахэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ УФ-м и Пенсэ фондым и сервисхэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ федеральнэ IэнатIэм и щIыналъэ IуэхущIапIэхэр зэрыпащIэну Iуэхухэм.

- Дэфтэрым имыту ягъэлажьэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щIынымрэ ар хабзэм тету къызэгъэпэщынымрэ теухуауэ муниципальнэ щIыналъэхэм я Iуэху зытетыр зэхыдогъэкI. Ныкъусаныгъэ яIэу къыщIагъэща IуэхущIапIэхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэ я лэжьакIуэхэм. ЦIыхухэм Iэмал ягъуэт къэралыр шэсыпIэ зэрыхъу Iуэхухэр къагъэсэбэпыну: зыгъэпсэхугъуэ мазэр къыщащтэкIэ ахъшэ кърату, пенсэ яIэну, сымаджэхэр зэрыдэс махуэхэм лэжьапщIэр яфIэмыкIуэдыну. ЦIыхухэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ къэрал, муниципальнэ IэнатIэхэм мы Iуэхум пащэнущ, - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

## ЛIы быдэу, Iэрыхуэу Зывгъасэ, вагъуэплъхэ!

**Къэралым и курыт школ псоми иужьрей уэзджынэр дыгъуасэ, накъыгъэм и 25-м, къыщеуащ. Махуэшхуэм епха гуфIэгъуэ зэIущIэхэр екIуу, дахэу щекIуэкIащ ди республикэм и еджапIэхэми. Курыт школыр къэзыух ныбжьыщIэхэм я дежкIэ иужьрей уэзджынэм и зу макъ жьгъырур сабиигъуэмрэ балигъ гъащIэмрэ я зэпылъыпIэщ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и курыт школ псоми пщэдджыжьым сыхьэти 9-м ину къыщызууащ иужьрей уэзджынэм и макъыр. А зу макъ жгъырумкIэ къызэIуахащ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр. НыбжьыщIэхэр илъэс 11-кIэ зыщIэса еджапIэр къызэраухыр щыхуагъэлъапIэ а махуэм абыхэм къахуеблэгъащ хьэщIэ куэд. Зи щIалэгъуэхэм я гуфIэгъуэр даIэтащ адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэм, къалэ, къуажэ администрацэхэм я IэщIагъэлIхэм. Школ линейкэхэм апхуэдэу кърагъэблэгъащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэм пщIэ щызиIэ нэхъыжьыфIхэр. ЕкIуу ягъэщIэрэщIа, макъамэ дахэхэр къыщыIу школ пщIантIэ хуитхэм гуфIэгъуэр дэзт. 11-нэ классыр къэзыуххэм а махуэр гукъинэж ящыхъун папщIэ, школакIуэ нэхъыщIэхэми ялъэкI къагъэнакъым. Абыхэм школ щIыхьэпIэхэр, гуфIэгъуэ зэIущIэр щекIуэкI утыкухэр удз гъэгъахэмрэ шар зэмыфэгъу гъэпщахэмкIэ ягъэдэхащ, гуфIэгъуэр нэхъыбэу зыхуэунэтIахэм папщIэ концерт цIыкIухэр, теплъэгъуэ кIэщIхэр ягъэхьэзыращ.

Мис, утыкум къохьэ гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ зи гум щыз ныбжьыщIэхэр, я класс унафэщIхэр я пашэу. Ахэр адрейхэм къахощ я зыхуэпэкIэкIи, я плIэм зэпрыууэ едзэкIа дарий лентI щхъуэкIэплъыкIэхэмкIи, я нэгум къищ нэжэгужагъэмкIи. А ныбжьыщIэхэрщ гуфIэгъуэм зыкърезыгъэхьэлIа псоми - егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми, школакIуэ цIыкIухэми, хьэщIэ лъапIэхэми - нобэкIэ я плъапIэр. 9-нэ классхэр къэзыуххэм ятакIэщ япэ къэрал экзаменхэр. 11-нэр къэзыуххэми мыгувэу ятынущ ЕГЭ къэпщытэныгъэхэр. Шэч къытетхьэркъым дэтхэнэри къыпэщылъ къэпщытэныгъэхэм зэрыпэлъэщынум. Дэтхэнэми наIуэ къищIынущ илъэс 11 зи кIыхьагъ школ гъуэгуанэр сыт хуэдэу къикIуами, а зэманыр дауэ къигъэсэбэпами. Школыр къэзыуххэр хущIокъу ахэр ехъулIэныгъэкIэ ятыну, хуопабгъэ псэм щагъафIэ я хъуэпсапIэхэм лъэIэсыну, гугъапIэщIэхэр зрагъэхъулIэну.

Ар дяпэкIэщ, ауэ дыгъуасэ ныбжьыщIэхэр утыкум итащ, удз гъэгъа дахэхэмрэ шар гъэпща зэмыфэгъухэмрэ яIыгъыу, я нэгум гуфIэгъуэ кърихыу, дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ яIэу. ГугъапIэ дахэхэр яIэу я пщэдейм хуэплъэхэм я щытыкIэ псомкIи къагъэлъагъуэрт гугъуехьхэм къапимыкIуэту я мурадхэм зэрыхущIэкъунур.

Иужьрей уэзджынэм и махуэшхуэм иращIэкI гуфIэгъуэхэм пащэу, ди щIыналъэм и районхэм, къалэхэм, жылэхэм къыщызэрагъэпэщащ гукъинэж зэхуэсхэр, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, нэгузыужь пшыхьхэр. Республикэм и къалащхьэми щекIуэкIащ цIыху куэд зыхэта щэнхабзэ зэхыхьэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Гъуазджэхэмкiэ сабий еджапIэ №1-м ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ит Шей ефапIэ унэ цIыкIум деж щата концертыр, Налшык дэт курыт школ №30-м и еджакIуэхэр, «Эрудит» IуэхущIапIэм, Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ творчествэмкIэ я центрым я гъэсэнхэр хэту Александровкэ, Искож жылэхэм, Тырныауз уэрамым я зыгъэпсэхупIэ хадэхэм къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр. КъинэмыщIауэ, ХьэтIохъущокъуэм и хадэм щекIуэкIащ шахмат, шашкэ джэгуным дахьэх ныбжьыщIэхэр зыхэта зэхьэзэхуэ хьэлэмэтхэр.

ЦIыху куэд кърихьэлIат Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ, сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ щыдрагъэкIуэкI къалэ центрым екIуалIэхэм КъБР-м и Правительствэм и Унэм и щIыбагъ къыдэт скверым щата концертми.

Дунейр зыхуримыкъу, ар тIэу пкIэгъуэу къызыщыхъуу балигъ гъащIэм хэувэ ныбжьыщIэхэм дохъуэхъу лъэпкъ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий и «ЩIэблэ» усэ дахэмкIэ.

**... Узыншэу, гуащIафIэу**
**Фыхэхъуэ, щIэблэбэ,**
**ЛIы быдэу, Iэрыхуэу**
**Зывгъасэ, вагъуэплъхэ!**
**ЩывгъэIут мэз уэхым**
**ГуфIэгъуэм и макъыр.**
**ЩыфIэтыт уэрэдыр**
**ЩIы тафэм и нэкIум.**
**Фыбакъуэ хэфкъуэзу:**
**Нэхъыжьхэр къыводжэ,**
**Еджауэ, узыншэу,**
**ГуфIэжу фыпсэухэ!**

ЖЫЛАСЭ Маритэ.



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2022 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз лъэхъэнэр йокIуэкI.**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**
**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 724-рэ кIэпIейкIэ 80-рэ;**
**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 660-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

## Нэхъыбэр зи зэраныр цIыхурщ

**МафIэсхэм Урысейм и щIыналъэхэм зыщаубгъу, къулейсызыгъэ инхэр я Iэужьу. УФ-м и МЧС-м къызэритамкIэ, мы гъэм псори зэхэту мафIэс мини 4 хуэдиз гектар мин 270-м къыщыхъеящ. Хисхьа къуажэхэр, уэрамхэр щыIэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, цIыхухэри хэкIуэдащ. Абы щыгъуэми, IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, насыпыншагъэм я нэхъыбэр езы цIыхухэм я зэранкIэ къохъу.**

ПЭЖУ, зи гугъу тщIы бжыгъэхэр нэгъабэ нэхъыбэу щытащ. ЩтыкIэр апхуэдизкIэ шынагъуэти, къэхъукъащIэ бзаджэм пэщIэтын щхьэкIэ правительсвэм щIыналъэхэм лейуэ сом миллиарди 8 яхуиутIыпщын хуей хъуащ.

Иужь илъэсхэр къапщтэмэ, псом хуэмыдэу гужьеигъуэу щытар 2010 гъэрщ. УФ Мэз хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэрилъытамкIэ, абы щыгъуэм Урысейм мафIэс мин 30-м щIигъу къыщылыдат гектар мелуанрэ мин 246-м. Абыхэм хэкIуэдащ цIыху 60, унэ мини 2,5-рэ хисхьащ. Къэралыр епIэщIэкIыу ядэIэпыкъун хуей хъуат лей зытехьахэм.

Иджыри аращ: къегъэлакIуэхэр мафIэсым пэщIэтщ, властхэр къулейсызыгъэ зылъысахэм ядоIэпыкъу. Ауэ щхьэ къыхамыхрэ блэкIам дерс? ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мафIэс къыумыгъэхъуну нэхъ тыншщ ар бгъэуфIынкIын нэхърэ. Узыхуейр зыщ: усакъынырщ. Мыри гу зылъытапхъэщ - мафIэсхэр нэхъ щыятэр нэхъапэми абыхэм хэщIыныгъэшхуэ зрата щIыпIэхэрщ. Бюджетым щыщ сом миллиардхэр трагъэкIуэдэн хуей мэхъу зыгуэрхэм я гудзакъэншагъэм икIи зыми жэуап ихь хуэдэкъым.

Красноярск крайм и губернатор Усс Александр жиIащ мафIэм хисхьа унэхэр зэфIэгъэувэжыным е щIэхэр ухуэным сом миллиарди 2,5-м къыщыщIэдзауэ миллиарди 4-м нэс зэрытекIуэдэнур.

## Сыт финхэм ягу къеуэр?

**Швециемрэ Финляндиемрэ я мурадщ Атлантикэ Ищхъэрэ блокым хыхьэну. Нобэр къыздэсым ахэр дзэ зэгухьэныгъэ гуэри хэтакъым. АтIэ сыт иджы къэхъужар?**

АБЫ ЖЭУАП зэIубз иратыфыркъым политикхэм. Ауэ уегупсыс зэрыхъунумкIэ, а лъэбакъуэр езыгъэчар мы зэманым Украинэм щекIуэкIхэрщ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, абыхэм ятеухуауэ КъухьэпIэм игъэIухэрщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Финляндием и цIыхухэм я процент 26-рт мазаем и 24-р къэсыху къэралыр НАТО-м хыхьэн хуейуэ къэзылъытэр, иджы апхуэдэхэм я бжыгъэр процент 76-м нэсащ. Псори зи ягъэр «Урысей бзаджэр» щынэIэрыпIым хуэдэ икIи «демократием тет» Украинэ «лажьэншэм» зэрытеуарщ. Дауи, ябзыщI а къэралыр куэд щIауэ нацизм ерум зэрыхуэкIуар (телевидением игъэлъагъуэркъым Мариуполь гъэру зыкъыщызыта «Азов» батальоным щыщхэм я щIыфэхэр щIэзыгъэна фашист свастикэр), мыбы нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэр я бзэкIэ псэлъэну хуит зэрыщамыщIыр, илъэс 8 хъуауэ иджыри къыздэсым цIыху мамырхэр хэкIуадэу топышэхэр Донбасс зэрытрагъэлъалъэр, Киев властыр щызыубыдахэм зэрахьэ нэгъуэщI хьэкIэкхъуэкIагъэхэр. А псори, адрей европейхэми хуэдэу, финхэми шведхэми я деж нэсыркъым. Ди къэралыр зэрыпхъуакIуэу къыщIрагъэдз. Ар зэрыделагъэр къагурыIуэжынущ, ауэ къыщыхъунур иужькIэщ.

Швецием и гугъу тщIынкъыми, Урысеймрэ Финляндиемрэ щIызэгурымыIуэ Iуэху гуэр яку дэлъкъым. СССР-р зэикI хущIэкъуакъым а къэралыр иубыдыну е зыгуигъэхьэну. Абы и пIэкIэ хуигъэдахэрт ар ещанэ къэралхэм (зыми гуэмыхьахэм) зэращыщыр. ЕтIуанэ Дунейпсо зауэм иужькIэ Финляндиер европей капиталист къэралхэм ящыщу СССР-м нэхъ и ныбжьэгъу дыдэт. Абы и президент Урхо Калева Кекконен Москва щIэхщIэхыурэ къакIуэрт. Абыи и закъуэтэкъым: 70 гъэхэм дэтхэнэ финри хуитт визэншэу ди гъунапкъэр къызэпиупщIу Ленинград къэкIуэну. Зыщаплъыхьырт, ирикъуху ефэрти (Финляндием фадэ щащэртэкъым) чэф хьэлъэу гъунапкъэхъумэхэм зэпрахыжырт. Финляндием пхъэ хъурейхэр яшэрт, дэ абы и деж унэлъащIэхэр къыщытщэхурт. А псоми пащащ Совет Союзыр лъэлъэжа иужьи.

Мы зэманым гурыIуэгъуэкъым Москварэ Хельсинкирэ я зэхущытыкIэхэр зыхуэкIуэнур. Дауи, ахэр зытращIыхьынур Финляндием НАТО-м щиIыгъыну увыпIэрщ. И щIыналъэм блокым и Iэщэхэр къришэмэ, нэгъуэщIынущ, ауэ щхьэ бжыгъэ къудейуэ хэтмэ шынагъуэнукъым. А къэралым и президентыр Путин Владимир телефонкIэ къыщепсэлъами Iуэхум губжь хэлъакъым.

ЗэкIэ къэралитIыр блокым хыхьэнымкIэ лъэпощхьэпо хъур Тыркум и закъуэщ. Абы идэркъым Швециеми Финляндиеми хьэмшэрий (курд) зыкъэзыIэтахэм я Iуэхур зэрыдаIыгъыр.

## Тайвань хытIыгур

**Китайр хущIокъу и щIыналъэм щыщ Тайвань хытIыгур езым и унафэм щIигъэувэжыну икIи абы зыхуегъэхьэзыр. Ауэ а Iуэхум къаугъэшхуэ къикIынущ, мы зэманым Украинэмрэ Донбассымрэ щекIуэкIхэр пщигъэгъупщэжу. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм сытри ялэжьынущ а мурадыр Пекин къемыхъулIэн папщIэ: Вашингтон къелъытэ мыр Азием щиIэ и быдапIэу.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы хытIыгур и теплъэкIи, и цIыхухэм я псэукIэкIи Японием нэхъ ещхьщ: субтропикхэм хуозэ, зызыужьащ. Ар икIи гъэщIэгъуэнкъым: пIалъэ кIыхькIэ - 1895 гъэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэр къэсыху - ар а къэралым иIыгъащ. 1949 гъэм Граждан зауэр иухыу КНР-р къызэрагъэпэща иужь, Чан Кайши зи пашэ хужьыдзэмрэ и правительствэмрэ Тайвань Iэпхъуэри, экономикэ лъэщ зиIэ къэрал къызэрагъэпэщащ. Пекин куэдрэ хущIэкъуащ географиекIэ езым и щIыналъэм хыхьэ хытIыгур иубыдыжыну, ауэ сыт щыгъуи къапэуващ американ кхъухьхэр.

Пэжу, апхуэдэу сыт щыгъуи щытакъым. Япэ илъэсипщIхэм мыбы цIыхухэр къулейсызу щыпсэуащ, 1987 гъэр къэсыхукIи зауэ щытыкIэм итащ. Хэхыныгъэ гуэрхэр щекIуэкIыртэкъым, унафэ псори зыIэщIэлъыр, Гоминьдан партымрэ дзэмрэ я закъуэт, езы Чан Кайши тхьэпэлъытэу зигъэуват. Властыр зыIэщIыхьахэм гуащIэрыпсэухэр яхъунщIэрт, езыхэр Iулъхьэм зыIэпишат. Щхьэусыгъуэ гуэрхэр къагъуэтурэ цIыхухэм мылъкур къытрахырт. Псори къыщежьар тутынхэрщ. 1947 гъэм мазаем и 27-м къулыкъущIэхэм ахъшэ къытрахащ, тутын хабзэншагъэкIэ ищэурэ къулей хъуауэ къалъыта цIыхубзым. Мыдрейр къащыпэпсэлъэжым, яубэрэжьащ. Бзылъхугъэм къыдэщIащ къаугъэм кърихьэлIахэр. КъулыкъущIэхэм ящыщ зым кIэрахъуэр кърихри зылI иукIащ. Абдеж къыщежьащ 1987 гъэр къэсыху зэрахьа залымыгъэр. А илъэс 40-м куэд дыдэ яукIащ е ягъэтIысащ. ЦIыхухэр хуиттэкъым я мыарэзыныгъэр къагъэлъэгъуэну, уэрамхэм щызэхуэсыну, - хытIыгур гущIэгъуншагъэм зэщIиубыдат.

Зэманым зехъуэж. Иджы Гоминьдан партым и закъуэкъым щыIэр, абы унафэри IэщIэкIащ. И ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэ Демократ зызыужь партым хуэфIэкIащ Чан Кайши и цIэр зезыхьэ утыкур Щхьэхуитыныгъэм и утыкуу зригъэхъуэкIын. Уеблэмэ псалъэмакъ йокIуэкI «вождым» и мемориалыр Iуахыпэным теухуауэ.

ЦIыхухэр къулейуэ, зыхуей ягъуэту мэпсэу, ауэ я Iуэху зыхуэкIуэм тогузэвыхь. Шэч хэлъкъым гува-щIэхами Китайм а хытIыгур зэрызыIэрагъэхьэжынум. Ауэ сыт хуэдэ уасэкIэ?

## Англосаксхэм укъагъэпэжынукъым

**19-нэ лIэщIыгъуэм Британием нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ и министрым жиIэгъащ: «Инджылызым иIэкъым игъащIэкIэ и ныбжьэгъухэри, игъащIэкIэ и бийхэри. Абы иIэр игъащIэкIэ и сэбэп зыхэлъхэрщ». ЛIэщIыгъуэхэм къагъэлъэгъуащ ар а хабзэм зэрытемыкIыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, англосаксхэм псом япэ ирагъэщыр езыхэм я фейдэрщ: зыгуэрхэр къыщыппахынум и деж уи ныбжьэгъуу фэ зэтрагъэуэнущ, ауэ къыпхуэмеижмэ - къоплъыжынукъым. Тхыдэр абы куэдрэ щыхьэт техъуащ.**

ЕЗЫ Британием и къэхъукIэри зауэмрэ фыщIэнымрэ епхауэ щытащ. Еханэ лIэщIыгъуэм къыздикIар ямыщIэ гуннхэр къыкъуэкIащ. А Iэпхъуэшапхъуэ лъэпкъыр апхуэдизкIэ шынагъуэти, къапэщIэхуэр ирахырт. Я щхьэр езыхьэжьахэм яхэтащ англхэр, саксхэр, ютэхэр. Ахэр зэрыхьащ иджы Инджылызыр зыщыпсэу щIыпIэм. Абыхэм якIэлъыкIуащ Данием, Норвегием, нэгъуэщI къэралхэм я цIыхухэр. Лъэпкъхэр пIалъэ кIыхькIэ зэзэуащ пщыгъуэ зэримыгъахуэу, итIанэ зы къэрал хъуащ. Ауэ хамэ мылъку зэрапхъуэныр зыханакъым. Хэбгъэзыхьмэ, Британиер лъэщ зэрыхъуар куэдкIэ зи фIыщIэр и тенджыз хъунщIакIуэхэрт (пиратхэр). Апхуэдэхэм мыбы пщIэшхуэ щаIащ сыт щыгъуи. Дэ а псоми я гугъу тхуэщIынкъым, къэдгъэлъэгъуэн къудейщ зы: тенджыз хъунщIакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ зы Морган лIакъуэлъэшхэм хагъэхьащ, Ямайкэм и вице-губернатор къулыкъу лъагэр иратащ «хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ». ЩIым къыщIах е къыщIаш фIыгъуэхэмкIэ мыкъулейми, Британием и промышленностым псынщIэу зиужьащ дуней псом мылъку къызэрыщиугъуеям и фIыгъэкIэ. Парламентаризмэм и хабзэм пасэу теува Инджылызыр 19-нэ лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым США-м щекIуэкIа граждан зауэм хыхьэну и мурадащ Ипщэхэм (конфедератхэм) къадэщIу. Уегупсысмэ, зыкъуэувэн хуейр цIыхур гъэпщылIыныр гъэкIуэдыжыным хущIэкъу Ищхъэрэхэрт. Ауэ конфедератхэм я щIыналъэм пщылIхэм куэду щагъэкIырт Британиер хуабжьу зыхуэныкъуэ бжьэхуцыр. АтIэ, демократиер дэнэ кIуэжын щэкI къызыхэпщIыкIын уиIэмэ? Инджылызымрэ Франджымрэ къызэтезыгъэувыIар Нью-Йоркрэ Сан-Францискрэ я Iуфэхэм Iухьа Урысей кхъухьхэрщ. Иджы ар, дауи, ящыгъупщэжащ.

Дэ а псори дигу къыщIэдгъэкIыжыр Инджылызми абы куэдкIэ къытепщIыкIыу бжьыпэр зыубыда США-ми дунейм и сыт хуэдэ щIыпIэми езыхэми я фейдэ зыхэлъхэм фIэкIа къызэрыщамылъыхъуэр къэдгъэлъэгъуэн щхьэкIэщ. Абы и хьэтыркIэ сыт хуэдэ къаугъэми зауэми хэпщхьэну хьэзырщ.

Мис иджы Вашингтон Украинэм егъэлеяуэ IэщэкIэ доIэпыкъу. Ар дыдэмкIи «бдзэжьей» зыбжанэ къеубыд. Япэрауэ, США-мрэ КъухьэпIэмрэ я мурадщ къарукIэ япимыкIуэт Урысейр экономикэ и лъэныкъуэкIэ (санкцэхэр къагъэсэбэпурэ, УФ иригъэкIуэкI зауэ Iуэху щхьэхуэр кIыхьлIыхь ящIкIэрэ) лъэгуажьэмыщхьу ягъэтIысыну. Аращ къыхуаутIыпщ доллар миллиардхэм я нэхъыбэр здэкIуэр. ЕтIуанэрауэ, а ахъшэр езы къэралым и щIыналъэм икIыркъым: США-м и дзэм хуэлажьэ и промышленностым абыкIэ доIэпыкъу.

Куэд щIакъым Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я сенатым Киев папщIэ ленд-лизым теухуа закон къызэрищтэрэ. Ар зыхуэгъэзар япэщIыкIэ ахъшэ къыIамыхыу Украинэм Iэщэ иратынырщ. Абы къокIыр ди гъунэгъу къэралыр илъэс куэдкIэ Вашингтон и пщылIыпIэм щIэтыну.

Апхуэдэ дыдэущ Европэри Украинэм зэрыдэIэпыкъур.

Мыри хьэлэмэтщ: Киев IэщэкIэ нэхъ дэIэпыкъуухэр урысей олигарххэм ахъшэ нэхъыбэ къыщытраха къэралхэрщ. Аращи, зэгуэр Урысейм фIадыгъуа ахъшэр дэ ди бийуэ къагъэсэбэп.

АтIэ, сыт Москва ищIэнур? Прессэм къелъытэ Урысейм хамэ къэрал мылъкуу доллар миллард 500 и уасэ хуэдиз илъу. Иджыблагъэ Къэрал думэм и унафэщI Володин Вячеслав къыхилъхьащ хамэ къэрал бизнесым и мылъкуу ди деж къыщынар къытрахыну.

КъыщыщIэддзамкIэ духыжынщи, зыри щыгугъ хъунукъым англосаксхэр «игъащIэкIэ я ныбжьэгъуну». Украинэри аращ. Зэгуэр къыхуэмеиж зэрыхъуу, Вашингтон ар къыжьэдидзыжынущ сагъыз гъэныщкIуам хуэдэу. Абы щыхьэт тохъуэ тхыдэр.





## Гъатхэм и пшыхь

**«Жан» зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI «Гъэм и теплъэгъуэхэр» усэ пшыхьхэм къыпащэу, Сэралъп Мадинэ и Арт-унэм гъатхэр щагъэфIащ.**



ГЪАТХЭМ теухуа усэхэм къеджащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и артистхэу Тэмазэ Лиуанрэ Тхьэщыгъуей Жаннэрэ, уэрэджыIакIуэ пажэхэу Сокъур Ольгэрэ Хьэкъул Оксанэрэ. Уэрэд макъамэкIэ, пшынэкIэ, шыкIэпшынэкIэ Iуэхур ягъэдэхащ Бэч Азэмэт, Беслъэней Ренатэ, ГъукIэ Ислъам, Щокъуий Мурат сымэ, «Къэбэрдей» джэгуакIуэ гупым. Гъатхэм ехьэлIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм я теплъэгъуэхэр къигъэлъэгъуащ джэгуакIуэ Нэхущ Тимур. Пшынэрэ бэрэбанкIэ утыку къихьащ ныбжьыщIэ цIыкIухэу Къуэдзокъуэ Самиррэ Сыжажэ Аскэррэ.



- Гъатхэращ дунейр къыщытIэпIыр, къыщыгъагъэр! «Сыпсэуарэт!» жыпIэу гур еутIыпщ а зэман дахэм! Нобэ дэри гъатхэм дыпэджэжащ псалъэ къыхэщыпыкIахэмкIэ, макъамэ гуапэкIэ, усыгъэ курыхкIэ, - жиIащ пшыхьыр езыгъэкIуэкIа Гумэ Маринэ. Абы зыкърезыгъэхьэлIа пщащэхэм къалэрдэгу Iэрамэхэр хуагуэшащ гъатхэ нэщэнэу.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**,
*Сурэтхэр* **Шыбзыхъуэ Астемыр** *трихащ.*

## Пашэхэмрэ къыкIэрыхухэмрэ

**Тхьэмахуэ блэкIам зэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и етIуанэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэхэр.**



ИДЖЫРИ пасэщ абы утепсэлъыхьыну, ауэ хуэм-хуэмурэ зэхэкI хъуащ зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэм щIэбэныну зыхуэбгъэфащэну командэхэр. Куэд пэмыплъауэ абыхэм ящыщ зыщ «Искра»-р. Япэ джэгугъуэм текIуэныгъэ къыщызыхьа алътуддэсхэм иджы я унэ къыщрагъэблэгъат «Урыхур». ЗэIущIэм и 5:1 кIэух бжыгъэм тепщIыхьмэ, хэгъэрейхэр гугъущэ демыхьыу хьэщIэхэм ефIэкIащ. Урыху и командэм и дежкIэ иджырейр етIуанэ хэщIыныгъэщ.

Апхуэдэ дыдэ бжыгъэкIэ иухащ Кэнжэ щекIуэкIа щIыпIэ командэмрэ «Автозапчасть»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр. Бахъсэндэсхэм дагъэкIа топитхум и жэуапу хэгъэрейхэм кърат ыжыфар зы къудейщ. Бахъсэндэсхэр зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм зэкIэ пашэныгъэр щызыдэзыгуэшхэм ящыщ зыщ. ИригъэкIуэкIа зэIущIитIми къыщыхагъэщIауэ «Кэнжэр» иужь увыпIэхэм къыщыувыIащ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм япэ зэIущIэр щригъэкIуэкIауэ аращ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м. Балъкъэр къуажэм къикIа командэр бжыгъэшхуэкIэ 3:0-у ефIэкIащ «Псыкуэд-Марвил»-м. Хэгъэрейхэм пэщIэдзэ зэIущIитIми зы очко закъуи къыщахьыфакъым.

Зэпеуэр джэгукIэ хьарзынэкIэ къыщIэзыдза Шэджэм ЕтIуанэм и командэми зи чэзу ехъулIэныгъэр зыIэригъэхьащ. Ар 4:2-уэ ефIэкIащ япэ джэгугъуэм очкоищ щызыIэрызыгъэхьа Шэджэм къалэ и «Шэрджэсым». «Шэджэм-2»-ри яхыхьащ япэ джэгугъуитIым и командэ нэхъыфIищым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм щригъэкIуэкIа япэ зэIущIэр текIуэныгъэкIэ иригъэжьащ «Ислъэмейм». Абырэ Налшык и «Къэбэрдеймрэ» я зэпэщIэтыныгъэр иухыхукIэ зэхэкIауэ щытакъым кърикIуэнур. Джэгугъуэм и топ нэхъыбэ дыдэ щыдагъэкIа а зэIущIэр хэгъэрейхэм я текIуэныгъэкIэ 4:3-уэ иухащ. ИрагъэкIуэкIа зэIущIитIми къыщыхагъэщауэ налшыкдэсхэр зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм къыкIэрыхухэм я гупым хэтщ.

ЕтIуанэ джэгугъуэм и адрей зэIущIэхэу «Тэрч» - «Малка», «Спартак-Д» - «Псыгуэнсу», СШОР - «Родник» командэхэм я зэпэщIэтыныгъэхэр ягъэIэпхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и етIуанэ джэгугъуэм зэхэта зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр кърикIуащ: *накъыгъэм и 21-м:* «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **1:5**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Урыху**» (Урыху) - **5:1**, «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) «**ЛогоВаз**» (Бабугент) - **0:3**; *накъыгъэм и 22-м:* «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Къэбэрдей**» (Налшык) - **4:3**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **4:2**.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Автозапчасть»** | **2** | **2** | **0** | **0** | **9-1** | **6** |
| **2.** | **«Искра»** | **2** | **2** | **0** | **0** | **8-2** | **6** |
| **3.** | **«Шэджэм-2»** | **2** | **2** | **0** | **0** | **9-4** | **6** |
| 4. | «Спартак-Д» | 1 | 1 | 0 | 0 | 9-0 | 3 |
| 5. | «Тэрч» | 1 | 1 | 0 | 0 | 5-2 | 3 |
| 6. | «ЛогоВАЗ» | 1 | 1 | 0 | 0 | 3-0 | 3 |
| 7. | «Ислъэмей» | 1 | 1 | 0 | 0 | 4-3 | 3 |
| 8. | «Шэрджэс» | 2 | 1 | 0 | 1 | 6-7 | 3 |
| 9. | «Родник» | 0 | 0 | 0 | 0 | 0-0 | 0 |
| 10. | СШОР | 0 | 0 | 0 | 0 | 0-0 | 0 |
| 11. | «Псыгуэнсу» | 1 | 0 | 0 | 1 | 1-3 | 0 |
| 12. | «Къэбэрдей» | 2 | 0 | 0 | 2 | 5-9 | 0 |
| 13. | «Псыкуэд-Марвил» | 2 | 0 | 0 | 2 | 3-7 | 0 |
| 14. | «Кэнжэ» | 2 | 0 | 0 | 2 | 3-10 | 0 |
| **15.** | **«Урыху** | **2** | **0** | **0** | **2** | **1-9** | **0** |
| **16.** | **«Малка»** | **1** | **0** | **0** | **1** | **0-9** | **0** |

## Сатыр зыбжанэкIэ

**Языныкъуэхэм я деж абыхэм нэхъыбэ къыщыбощIэ тхыгъэшхуэхэм нэхърэ.**

### Нэхъ мыгъуагъэр

Хэку зауэшхуэр щекIуэкIым Сталиныр адмирал Исаковым и деж телефонкIэ псэлъащ.

- Ныбжьэгъу Исаков! Уэ Тенджыз фIыцIэ флотым и унафэщIу уагъэуващ. Сыт жыпIэн?

- Сэ сылъакъуэншэ мыгъуэщ, ныбжьэгъу Сталин!

- Ягъэ кIынукъым, - итыжащ жэуап Сталиным. - Уэ уи япэ итар щхьэншэт. Мис ар куэдкIэ нэхъ мыгъуагъэщ.



### Щэнхабзэм и закъуэкъым...

Зэгуэр Совет Союзым къэкIуауэ Франджым и президент Шарль де Голль лъэIуащ псори зыщышынэ ди ракетэхэр ирагъэлъагъуну. Абы и лъэIур хуащIащ.

- Мыхэр Парижи тегъэпса? - щIэупщIащ генералыр.

- Тегъэпсащ, - иритыжащ жэуап СССР-м и Iэташхьэ Брежнев Леонид.

- Iэу, зиунагъуэрэ, Париж дунейпсо щэнхабзэм и курыхщ.

- Абы къыдэкIуэуи НАТО-м и штаб-фэтэрщ, - къыгуригъэIуащ мыдрейм.

А псалъэхэр апхуэдизу и гум хыхьати, Шарль де Голль кIуэжа иужь зимыгъэгувэу Атлантикэ ищхъэрэ блокым и штаб-фэтэрыр Франджым и щыхьэрым дригъэхащ.

### Щхьэусыгъуэр здэщыIэр

Дунейм и экс-чемпион Ботвиник Михаил Каспаров Гарри хуэшхыдэрт и шахмат Iуэхухэр нэхъ дигъэкIын мурадкIэ и адэм и Вайнштейн унэцIэр и анэм еймкIэ зэрихъуэжам къыхэкIыу: «Сэ си зэманым апхуэдэ гуэри сщIакъым».

Зы журналист еупщIащ гроссмейстерым.

- Уэ уи анэм и унэцIэр сытыт?

Боттвинник дыхьэшхащ

- Рабиновичт.

### Япэмрэ етIуанэмрэ

Голландием щыщ, дунейм и чемпион Эйве Макс зигъэпIиини зиIэтыни фIэфIтэкъыми, и сурэтхэр газетым куэдрэ къытехуэртэкъым. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыуи къэзыцIыхур мащIэт. Зэгуэр мафIэгум ису абы зы щIалэ къыкIэрыхъыжьащ шахмат къыдэджэгуну. Гроссмейстерым идакъым. Арщхьэкlэ модрейр тхьэщыхьэу къыщIэкIынти, къыкIэрыкIакъым. Щэнейрэ зэкIэлъыкIуэу хэна иужь щIалэр зэхезэщхъуэн хъуат:

Ар фIэщ щIыгъуейщ! Ар телъыджэщ! Ди шахмат клубым хэт псоми сэр щхьэкIэ «Эйве етIуанэ» жаIэ.

Абы и жэуапу дунейм и чемпионыр дыхьэшха къудейщ.

### Зыми и жагъуэ имыщIын щхьэкIэ...

Лондон и тхылъ тедзапIэхэм ящыщ зым ахъшэфI къилэжьат Гендель и «Ринальдо» оперэр къыдигъэкIри, ауэ композиторым лъысар мащIэт.

Гендель ар зейм жриIащ: «ДяпэкIэ уэ оперэр тхы, сэ ар къыдэзгъэкIынщ».

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**




# Пшынэр и Iэпэгъуэщ



**Пшынэ Iэпэр IэкIуэлъакIуэу зыгъэджэгу, пшынэ бзэрабзэм и гур хэзыгъахъуэ ныбжьыщIэ цIыкIу фэдгъэцIыхунущ. Къуэдзокъуэ Самир Зеикъуэ щыщщ. Къуажэ школ №4-м и 4-нэ классым щоджэ. Илъэсищ мэхъу пшынэм гу хуищIауэ еуэн зэрыщIидзэрэ. Зэгуэр и анэшым здашэжауэ Самир абы къыщилъэгъуащ зи Iэпэхэр щIэуа икIи къамыгъэсэбэпыж къэзан пшынэ цIыкIур. Ехъуапсэри я унэм къихьащ. Ар игъэтIылъыртэкъым. Зыгуэрхэр кърыгъэкIыну и ужь зэритым и анэм гу лъитати, Джэдгъэф ФатIимэ и «Пшыналъэ» ансамблым ишащ. Куэд дэмыкIыу гъэсакIуэм къажриIащ: «Пшынэ хузэвгъэпэщ, фи щIалэ цIы- кIур пшынауэ хъунущ». Илъэсрэ ныкъуэкIэ гупым хэтащ. Иджы щоджэ Налшык щыIэ сабий макъамэ школ №2-м. И гъэсакIуэр Кхъуэжь Мадинэщ.**

КЪУЭДЗОКЪУЭ Самир макъамэмкIэ зэфIэкI иIэщ, пшынэ Iэпэр гурыхуэу къегъэIэсэ. Ауэ а зэфIэкIым хэтщ езы цIыкIур зэрегугъури. ГъэсакIуэм кърит лэжьыгъэм хуэпIащIэу унэм къосыжри, абы зрепщыт. Зыхуэарэзыжу ар зэримыгъэщIауи пшынэр игъэтIылъынукъым. Республикэми районми щекIуэкI зэпеуэ куэдым хэтщ, апхуэдэхэм къыщыхуагъэфэща тыгъэхэри и куэдщ. «Шемякиным и гъатхэм» и ныбжьэгъу цIыкIу Сыжажэ Аскэр щIыгъуу хэтри, япэ нагъыщэ зиIэ дипломкъыщахьащ. «ЗэфIэкI зиIэхэм я вагъуэхэр» щIыналъэ зэпеуэми диплом къыщыхуагъэфэщащ. Иджыблагъэ екIуэкIа «Налшык - насыпым и нал» еянэ щIыналъэзэхуаку зэхыхьэм дыщэ медаль щызыIэригъэхьащ. Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, пшынауэ цIэрыIуэ ПщыхьэщIэ Мухьэжыр илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ Бахъсэн щIыналъэ щекIуэкIа «Пшынэ Iэпэр мэбзэрабзэ» зэпеуэми къыщыхэжанык Iащ.

ЩIалэ гурыхуэм нэгъуэщI зэфIэкIхэри къегъэлъагъуэ. Абы зыхилъхьэ щыIэкъым адыгэбзэкIэ усэ къеджэныр. Литературэ зэпеуэхэм макIуэ, усыгъэ пшыхьхэм хэтщ. Гъэхуауэ усэ къызэреджэм папщIэ къыхуагъэфэща щIыхь тхылъхэри иIэщ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Зыпэмыплъа хьэщIэ

**ЗэрысщIэж лъандэрэ дадэ мэзхъумэщ. Гъатхэр къызэрихьэу абы мэз лъапэм зы пщыIэ дэгъуэ щещIри, ущыжеину, зыщыбгъэпсэхуну уасэ иIэкъым. Мы гъатхэр уэлбанэрилэу щыта пэтми, дадэ ар зыкIи зэран къыхуэхъуакъым. ПщыIэ зэкIужыр и чэзум мэкъупIэм къыхэуващ, пхъэ зэфIэбдзэм къыхэщIыкIауи гъуэлъыпIитI щIигъэувэжащ.**

ДАДЭ махуэ псом мэкъу йоуэ, Iэтэ ещI, шызакъуэгум щIитIыкIа шым мэшэсри мэз лъапэхэр къызэхекIухь. Сэ пхъэгъэсын къызохьэлIэ, шыр согъэхъу, дадэ игъэхьэзыр шэджагъуашхэм сыкIэлъоплъ... Зэш сымыщIэу зыгъэпсэхугъуэ зэманыр согъакIуэ. Зы махуэ гуэрым дадэ дэрэ тIэпIу дышхэщ, фIыуи зыдгъэпсэхури щхьэж и Iуэху и ужь дихьэжащ. ЛэпIанкIэр шэмэджым дидзэри, дадэ аргъынэ бгъуфIэшхуэ ирихьэжьащ, сэ шым и хэщIапIэр къэслъыхъуэу, мэз лъапэр нэкIэ щIэсщыкIыу щIэздзащ. Асыхьэтым къызолъагъу жыжьэу губгъуэшхуэм къытещ фIыцIагъэ кьомыр. Япэ итыр пIащэ гуэрт, адрейхэр жыгъейт.

-Дадэ, дадэ, модэ плъэт, - сыкъэкIиящ сэ. Дадэ зыкъиIэтри, Iэдакъэжьауэ ищIащ.

- ПсынщIэу фочыр къэхьи пщыIэм зыщIэдзэ, - жиIащ абы. - ХьэIуцыдзхэм щыхь кърахужьауэ къаху.

Фочыр игъэпкIри, къэхъунум пэплъэу дадэ иувыкIащ. Щыхьыр ину къалъэурэ, напIэзыпIэм къэсащ икIи дадэ и щIыбагъым дэлъадэри, аркъэн лъэщкIэ къаубыдам хуэдэу, и пIэм ижыхьащ...

Дадэ фоч зэгуэтымкIэ яхэуэу щыхуежьэм, хьэIуцыдз гупыр напIэзыпIэм зэбгрыжащ.

Сэ хуэм дыдэу пщыIэм сыкъыщIэкIащ, дади щыхьым и дежкIэ зигъэзащ. Абы и лъакъуэхэр щIэкIэзызыкIырт, и пэщхъынхэм къариху гъуэзым удзыпцIэр щIигъэхъаерт, гужьеигъуэр къызыщIих и нитIыр вагъуэ нурым хуэдэу къилыдыкIырт.

- Аращ, си щIалэ, псэ мышынэ щыIэкъым, - жиIащ дадэ. - Мэз псэущхьэхэм я дежкIэ цIыхур шынагъуэшхуэщ, ауэ гузэвэгъуэ ихуамэ, цIыхур гугъапIэ закъуэу къахуонэ...

Хуэм-хуэмурэ щыхьым зыкъищIэжри, ди дежкIэ къеплъэкIащ, хьэIуцыдзхэм здагъэза лъэныкъуэмкIэ кIуэцIрыплъащ. ИтIанэ, хьэлъэу бакъуэурэ, мэкъупIэр къызэринэкIащ. Щыхьыр мэзым щIыхьэжащ, дэри дыкъожьэж. Къэхъуам сегупсысу, сымыжеифу жэщым сэ куэдрэ пIэм сыхэлъащ.

Иужькlэ щыхьыр Iэджэрэ «хьэщIапIэ» къытхуэкIуащ, Iэджэри си Iэмыщlэм ишхыкIащ.



**БРАЙ Адэлбий.**

# Лъэпщ и къуэмрэ Тхьэгъэлэджрэ

Лъэпщ и къуэр гъуэгу тетауэ шууэ къыздэкIуэжым, Тхьэгъэлэдж вэуэ кърихьэлIащ. ЩIалэр епсыхакъым, гъуэгуми текIакъым, шыр къыжьэдикъуэри уанэгум здисым:

- Бов апщий! - жиIащ.

Тхьэгъэлэдж жэуап кърита къым, и щхьэр къиIэтри къеплъа фIэкIа.

- ЛIыжь дэгу хъунщ, - жери Лъэпщ и къуэр, Тхьэгъэлэдж вэуэ вапIэм кърин эри, къежьэжащ, унэм къэсыжри и адэм лIыжьым и гугъу хуищIащ.

- Бов апщий жысIати, жэуап къызитыжакъым, и жагъуэ зэрысщIар сщIэркъым, - жиIащ щIалэм.

- Тхьэгъэлэдж и ныбжьым унэсмэ, пщIэнщ, - къыжриIащ и адэм. - Тхьэгъэлэдж нэгъуэщI хабзэщ кIэлъызехьэн хуейр.

ЩIалэр куэдрэ егупсысащ и адэм къыжриIам.

Зы гъэ дэкIауэ, гъуэгу здытетым Лъэпщ и къуэр Тхьэгъэлэдж гуэрым ирихьэлIащ: мавэри хэтщ.

Лъэпщ и къуэр епсыхащ, шыр илъахъэри гъуэгунапщIэ удзым хиутIыпщхьащ, езым и цей къуакIэ диупщIэщ, и Iэщхьэ дрихьейри вапIэм хыхьащ, Тхьэгъэлэдж бгъэдыхьэри:

- Уэ зыгъэпсэху, тхьэмадэ, пхъэIэщэкIыр сэ къызэт, - жиIащ.

Тхьэгъэлэдж вапIэм къыхэкIри, Лъэпщ и къуэм пхъэIэщэкIыр иубыдащ, пшапэр зэхэуэхуи выр щIитIыкIакъым.

Пшапэр зэхэуауэ вапIэм къыхэкIыжа нэужь, Тхьэгъэлэдж Лъэпщ и къуэм и Iэр къиубыдащ:

- ФIэхъус апщий! - жери. - Уи адэм ухуэфащэщ.

*Зытхыжар*

**КЪАРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**





# Галилей Галилео

*Математикэр ар щIыуэпсым и тхылъыр зэрытха бзэщ*

*Галилей Галилео.*

**Галилей Галилео итальян щIэныгъэлIщ, физикщ, математикщ, астрономщ, механикщ. Италием и Пизэ къалэм 1564 гъэм къыщалъхуащ. И адэ Винченцэ макъамэм дихьэхырт, и IэщIагъэуи арат ибжыр. Ауэ абыкIэ щIагъуэу зыри къыхуэлэжьыртэкъыми, «мылъкукIэ къулейкъым, бынкIэ къулейщ» къыхужаIэрт. Быным я нэхъыжьт Галилео. Абы пасэу еджэфу зригъэсащ, къалэ школым илъэс 11 хъуху кIуащ. ИужькIэ унагъуэр Флоренцием Iэпхъуащ.**

ГАЛИЛЕО и адэм иригъэсат макъамэ Iэмэпсымэхэр игъэIэрыхуэу, уеблэмэ уэрэд цIыкIухэри зэхилъхьэфырт. И адэм сурэтыщIхэр и ныбжьэгъути, абыи хуагъэсащ щIалэ цIыкIур. Винченцэ хуейт щIалэр медицинэм хуригъэджэну, абы улахуэфI къызэрыпэкIуэм къыхэкIыу. А зэманым Италием и университетхэм медицинэмкIэ щезыгъаджэхэм илъэсым къриубыдэу флорин (ахъшэ) 400-500 къалэжьырт. Математикэм пыщIахэм къахэхъуэр флорин 60 къудейт.

Илъэс 17 хъууэ щIалэр Пизэ кIуащ университетым медицинэр щиджыну. Абы ирихьэлIэу математикэмкIэ дерсхэми екIуалIэурэ, апхуэдизкIэ дихьэхати, и адэр гузавэрт медицинэр Iэщlыб ищIынкIэ. Зэман дэкIауэ, Пизэ университетым математикэмкIэ профессору игъэзэжащ. Къыдеджахэм къалэжьым нэхърэ 30-кIэ нэхъ мащIэт и улахуэр. Илъэс нэхъ дэмыкIыу и япэ щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэр утыку къиищIащ.

Галилео Галилей телескоп къигупсысащ. Ар тегъэщIэн ищIри, мазэм и щхьэфэм и картэр зэхигъэуващ. Телескопым и фIыгъэкIэ, Юпитер и спутникиплI къилъэгъуащ, Шыхулъагъуэр вагъуэ куэду зэрызэхэтыр къиху тащ, Дыгъэм IэпапIэ къыщилъэгъуащ. Иужьым къыщIигъэкI хъуащ телескопхэр.

Галилео къигупсысащ пкъыгъуэм и Iувагъ къызэрапщ тэрэззэри. Япэ термометрри дунейм къытехьащ Галилей и фIыгъэкIэ. Абы щыгъуэ «термоскопт» зэреджэр: абджыпс хъурейм абдж бжьамий цIыкIу тегъэубыдауэ, ткIуаткIуэм хащIэрт. Абджым ит хьэуар къэплъырти, бжьамийм ткIуаткIуэр имыхуэжу къыдэжырт. Хьэуам и пщтрагъыр нэхъыбэху, бжьамийм ит ткIуаткIуэри нэхъ мащIэт. Нэхъ иужьыIуэкIэ, Галилей и термоскопым нэхъ нэщIысауэ елэжьыжащ абы и гъэсэн Медичи Фердинандо.

Микроскопыр къэунэхуным зи гуащIэ хэлъхэм хабжэ щIэныгъэлIыр. «Нэ цIыкIу» («occhiolino») фIищауэ абы къигупсыса микроскопыр деи Линчеи и академием щигъэлъэгъуауэ щытащ. И IэрыкIыр къигъэсэбэпурэ, Галилей Галилео хьэпщхупщхэм я зэхэлъыкIэр иджырт.

Галилей къигупсысащ циркулри. Абы узэрилэжьэну щIыкIэри къыщигъэнэIуауэ щытащ и щIэныгъэ лэжьыгъэм.

**ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.**

# Мамэ

**ТАУ Нинэ**

**Си гур зыгъэпсэхуу, щабэу къысхущыт,**
**Укъысхуэгузавэу уопсэу, мамэ цIыкIу.**
**Ажэгъуэмэр куэду Iуащхьэм къыщызоч,**
**Уэ узгъэгуфIэну ахэр сэ узот.**
**ЗэлъыIусха унэм уэ ущогуфIыкI!**
**Ди джэдури пырхъыу щхьэнтэм къытемыкI.**
**Мамэ, сыпхуэгуфIэу IэплIэ, ба пхузощI,**
**ФIыщэуи седжэну псалъэ сэ узот.**



# Псалъэзэблэдз



***Къехыу:*** **1**. Ныбэф псафэрей. **2**. Уэ нэхъри нэхъ жэрщ, сэ нэхъри нэхъ жэрщ, удэжэкIэ улъэщIыхьэнукъым. **3**. Къандзэгу бгъэбатэмэ, бэтэжауэ кIыщIохy. **6**. Фыз фIыцIэ нэгъуд, щIым дыд хэзыIу. **8**. Небэ-къебэу джабэм дэкI.

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. КIуэ пэт бжьиз зымыкIу. **4**. Къуажэри жылэри зыгъапцIэ. **5**. Лъэмакъыншэу къэзыкIухь, хьэщIэ къихьэм мытэдж. **7**. Къан хъыджэбзитI зэлъэпагъщ. **9**. КIэрахъуэ, хъурей, хьэлу лыIу зыхьэж. **10**. Iэди уади зезымыхьэу псым лъэмыж тезылъхьэ.

*Зэхэзылъхьар*

**БИЦУ Жаннэщ.**

ЖЭУАПХЭР:

***Къехыу:*** **1**. Гугуэн; **2**. Жьыбгъэ; **3**. КIэртIоф; **6**. Уэшх; **8**. Бабыщ.
***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Гущэ; **4**. КIыгуугу; **5**. Джэду; **7**. НабдзитI; **9**. Щхьэл; **10**. Мыл.

# Дэнэ къикIрэ уэсэпсыр?

ЦIЫКIУРАШ сымэ, фэ пщIэрэ уэсэпсыр зищIысыр, ар къыздикIыр?! ПщэдджыжькIэ удзым, тхьэмпэхэм телъу флъагъу ткIуэпс щыгъэхэр уафэм къехыркъым, атIэ жэщыр щыщIыIэтыIэм деж псыIагъэ куэд зыIыгъ хьэуам къыхокI. Нэхъыбэу удзым уэсэпс щытрищIэр гъэмахуэрщ е бжьыхьэ пасэрщ. Жьы къепщэуи трищIэркъым. Бжьыхьэм, пщэдджыжь дыгъэм пэцIуууэ, гу щылъыптэ щыIэщ уэсэпс щтами. Языныкъуэхэм деж уэсэпсыр апхуэдизу куэду къэкIыгъэм трещIэри, махуэм псыIагъэ щыщIамэ, зы жэщым абыкIэ зегъэнщIыж. ГъэщIэгъуэнщ: апхуэдэхэм деж къэкIыгъэхэм я тхьэмпэхэмкIэ езыхэм я хьэлъагъым хуэдиз уэсэпс щызыщIашэ щыIэщ, я лъабжьэмкIи зыхэт щIым лъагъэIэс.

Пщэдджыжь уэсэпсым удз щхьэфэм куэдрэ зыщиIэжьэркъым: дыгъэм и бзийхэр зэриукъуэдийуэ, уэсэпсри мэбзэхыж.



Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленин ым и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 2.041 • Заказ №1039